«TASTIYIQLAYMAN»
Nókis rayonı Xalıq bántligine kómeklesıw orayi direktori
__________N.Qdirniyazov
«16» __02__ 2023 jil

**Nókis rayonı Xalıq bántligine kómeklesıw orayinda ótkerilgen májilis**

**PROTOKOLI №4**

**Nókis rayonı** **«16» fevral 2023 jil**

**Basshiliq etiwshi:** Qaraqalpaqstan Respublikasi Bántlik hám miynet qatnasiqlari ministri birinshi orinbasari B.Ilyasov

**Qatnasqanlar:** Qaraqalpaqstan Respublikasi Bántlik hám miynet qatnasiqlari ministri birinshi orinbasari B.Ilyasov, ministrliktiń kopleans ishki baqlaw bas qaniygesi Q.Kalenderov hám Nókis rayonı Xalıq bántligine kómeklesıw orayı xizmetkerleri.

**KUN TÁRTIBINDE:**
**Ministrliktiń 2023-jil 03-fevral kungi buyriǵin tanistiriw hám kórrupciyaǵa qarsi guresiw haqqindaǵi nızam talapları, onıń mazmun mánisi hám bul jaǵdaylarǵa jol qoyilǵanda juwapkerlik máselesi**

---

**(Ilyasov, Kalenderov, Mnajov, Mustapaeva, Urazbaev, Seytrzaev, Kuandikov, Sultanov, Ismaylov, Khojamuratova, Madiyarova, Utebaeva, Otepbergenov, Seytimbetova, Askarova, Yunusbaev, Nuratdinova,)**

Ma'jilisti Qaraqalpaqstan Respublikasi Bántlik hám miynet qatnasiqlari ministri birinshi orinbasari B.Ilyasov ashti hám basqarip bardi ku'n tártibindegi máselelerdi tanistirip.

Ól óz sózinde Bántlik hám miynet qatnasiqlari ministri Yu.K.Alimovtiń *2023-jil 03-fevral kungi №08/K sanli buyriǵin tanistirip* Nókis rayonı Bántlikke kómeklesiw orayi direktori N.Qdirniyazov tanistirip ótti.

Soń ministliktiń kopleans ishki baqlaw bas qaniygesi Q.Kalenderov sózge shiǵip Ózbekistan Respublikasiniń "Korrupciyaǵa qarsi guresiw haqqinda"ǵi nizam talablari menen tanistirdi Ózbekstan Respublikasınıń "Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqinda"ǵi nızaminiń nızamshılıq palatası tárepinen 2016 jıl 24 noyabr kúni qabıl etilgen bolıp, Senat tárepinen 2016 jıl 13 dekabr kúni maqullanǵan.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen 2017 jıl 3 yanvar kúni tastıyıqlanǵan Ózbekstan Respublikasınıń "Korruptsiyaǵa qarsı gúresiw haqqinda"gi nızam (O'RQ 419-san) ulıwma 6 bap hám 4 elementten ibarat.

Usı nızamnıń 17-statyasında tómendegishe belgilep qoyilǵan:

- mámleket shólkemleri iskerliginiń ashıqlıǵın, mámleket basqarıwı sistemasınıń natiyjeliligin asırıw, mámleket shólkemleriniń lawazımlı shaxsları hám basqa xızmetkerleriniń óz moynına júkletilgen wazıypalardı orınlawı juwapkerligin kúsheytiw;
- korrupciyaǵa qarsı gúresiw tarawinda mámleket shólkemleriniń iskerligi ústinen parlament hám jámiyetshilik qadaǵalawın ámelge asırıw;
- mámleket shólkemleriniń hám xızmetkerleriniń iskerliginde korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzarliklarga jol qoymaw;
- mámleket shólkemleriniń lawazımlı shaxsları hám basqa xızmetkerleri tárepinen óz hámel yamasa xızmet minnetlemeleriniń atqarılıwı natiyjeliligi kriteryaların, standartların jáne onıń sapasın bahalaw sistemaların engiziw;
- korrupciyaǵa qarsı gúresiw boyınsha iskerlikti ámelge asırıwshı mámleket shólkemleri ortasında muwapıqlashtiriw hám sheriklikti támiyinlew;
- fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardiń korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzarliqlar faktlarǵa tiyisli shaqırıwları tolıq, qalısana hám waqıtında kórip shıǵılıwın támiyinlew;
- korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzarliklar haqqindaǵi informaciya bergen puqaralardıń qorǵaw etiliwin támiyinlew;
- korrupciyaǵa qarsı gúrestiń nátiyjeli jınayat -huqıqıy hám jınayat -protsessual mexanizmlerin jaratıw haqqinda toliq tusinikler berip ótti.

Usınıń menen birge nızamda "Mámleket shólkemleriniń xızmetkerlerin korrupciyaǵa baylanisli huqıqbuzarliklarǵa jol qoyuǵa kóndiriw maqsetinde qandayda bir-bir shaxs tárepinen yamasa mámleket shólkemleriniń basqa xızmetkerleri tárepinen ámelge asırılǵan soǵan uqsas huqıq buzıwlardıń ózlerine málim bolǵan hár qanday faktlari haqqında óz basshısına yamasa huqıq qorǵaw organlarina xabar beriw shárt" dep belgilep quyilganǵanligin eskertip ótti.

Soń ól óz sózinde korupciyaǵa qarsi guresiw, korupciyaniń aldin aliw boyinsha oray xizmetkerlerine ugit nasiyat jumislarin alip barip, xizmetkerlerge korupciyaǵa qol urmay haqqinda qatań eskertip dámegoylikke jol qoyǵan hám xizmetkerlerge jumis waziypasin nizamǵa muwapiq islew kerekligin, puqaralar menen sóylesiw mádeniyatina ámel qiliw, xizmette nizam buziwshilikqa jol qoymay, dámegoyshilik paraqorshiliqqa urinbaw, xizmet intizamin buzbaw mámleketimizde alip barilip atirǵan siyasatlarǵa tiwri kóz benen qaraw hár qiyli jaman separatizmlik illetlerge ermew kerekligi haqqinda aytib ótip, bugungi kunde Ózbekistan Respublikasi Prezidentiniń korrupciyaǵa qarsi guresiwge itibar qaratip

atirǵanliǵin, sonday-aq jergilikli hákimyati, miynet organlari sistemasında korrupcion jaǵdaylarǵa jol qoymaw, olardı boldırmaw hám aldın alıw máselelerine óz aldina itıbar qaritiliw kerekligin aytip ótti.

Usi joqaridaǵilarǵa tiykar tómendegishe

**QARAR QABIL ETEDI:**

1. Nókis rayonı Xalıq bántligine kómeklesıw orayı xizmetkerligi arasinda xizmet tártibine ámel etiw dámegoyshilik, paraqorshiliqqa hám jaman illetlerge qosilmaw boyinsha tusinik jumislari alip barildi dep esaplansin.
2. Usi qarardiń orinlaniwın Nókis rayonı Xalıq bántligine kómeklesıw orayı direktori N.Qdırniyazovqa jukletilsin.

**Protokollastirǵan:** **G.Ábdinayımova.**